The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

Jehovah ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika [kwedu]... -- Ps 46:1

No. 8 2013

OH ISHE, FEMERAI HUPENYU HUTSVA MATIRI!

NaW. C. Moore

[Chiziviso chakakosha: *Munyori wechinyorwa ichi VaW. C. Moore avo vakazvarwa mugore ra1890 vakazoshaya muna 1980 nemudzimai wavo* ***Sarah Foulkes Moore*** *vakazvarwa mugore ra1890 vakazoshaya muna 1973 ndivo vatangi vebepa iri remakomborero, muchirungu, reHerald of His Coming. Rungano rwavomunokwanisakuruwana pakero yeindaneti inoti; www.heraldofhiscoming.com.* Tibatsireiwo kutenda Mwari nenyasha dzavo dzasvitsa bephanhau reHerald of His Coming zuva ranhasi. Tichivatenda nokudana kwavakaita ***vaviri ava*** kuti vatange iri bepa remakomborero.]

Mutsurudzo ine simba gurusa pakati-kati pemarwadzo nezvakaoma, zvakatikomberedza, uye tinemidziyo inoshoreka, inoita seisina maturo, ndiwo mufanakidzo watinopiwa murungano rwaEzekieri chitsauko 37 kubva pavhesi yokutanga tichinosvika pagumi neina. Kuna Isaya Mwari vanoti ivo, *"...ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu, uye nzira dzenyu hadzizi dzangu"* [Isaya 55:8]. *"Mwari vakasarudza zvinhu zvoupenzi zvenyika ino kuti anyidzise vakachenjera"* [1 VaKorinde 1:27], *"Jesu akapindura achiti, 'Zvisingagoneki kuvanhu zvinogoneka kuna Mwari.'"* Zvose izvi zvinoratidzwa mumufananidzo waEzekieri mumupata uzere nemapfupa. [Aya ndiwo mashandiro aMwari nguva dzose] Hongu vanhu vane zvakakosha zvavanogona kuita maringe nekuunza kuzarurirwa uku pamweya, asi iyo mutsiridzo yacho pachayo kushanda kwaMwari pachavo. *"Ipapo imi, vanhu vangu muchaziva kuti ndini Jehovah, pandichazarura marinda enyu ndichikubudisai maari"* [Ezekieri 37:3].

Muporofita haana kutaurirwa kuti afungidzire kuti zvinhu zvaive zvakanganisika. Kwete! Ezekieri anofambiswa pakati-kati pomupata wamapfupa. Mweya wakamutungamiririra kuno nekoko pakati pamapfupa akaoma. Paive namapfupa akawanda zvikurusa uye aive akaoma! [Inzwa!] Pazvinoratidzika sezvakaoma kuti pave nemutsurudzo kubva mukutarira kwemaziso enyama—ndipowo pachauya kubwinya kuzita raIshe, apo achapidimudza zvose agodurura Mweya wake unopa upenyu, mumutsurudzo ine simba.

Mwari vanobvunza Ezekieri mafungiro ake pane zvose zvaaiona: *"Mwanakomana wemunhu, mapfupa aya angararama here?"* Muporofita anoramba akaringirira meso ake pana Jehovah Mwari wake akadzorera mubvunzo mumwe chetewo kwavari *"O Ishe. Imi ndimi munoziva"* [Ezekieri 37:3]. Mhinduro iyi yokuzvininipisa ndiyo imwe cheteyo yakapiwa naJohane pachitsuwa chePatimosi paakapiwa paakabvunzwa nengirosi *"Ipapo mumwe wavakuru akandibvunza akati, 'Ava vakapfeka nguwo chena ndivanaani uye vanobvepi?' Ndakapindura ndikati 'Ishe imi munoziva'"* [Zvakazarurwa 7:13-14]. Ndipowo pakatanga kushanda Mweya waMwari kubudikidza nemuporofita anoteerera. Ezekieri anorayirwa kuti aporofite kumapfupa, iyewo akaita saizvozvo, uye paakange achiita zvaakange arayirwa pakave nokugeda-geda, kubatana mapfupa achiuya pamwe chete. Mapfupa akaswededzana bvupa nebvupa. Marunda enyama zvakavapo uye zvikafukidzwa neganda asi makanga musina mweya makati mazvo. Padiki nepadiki waMasimba ose aiva orongedzerera kuti pave nemutsurudzo munyika yaIsiraeri.

Pakadai muporofita anofanira kuramba akatarira kuna Jehovha Mwari wake. Ukuwo Ezekieri ane chaunga chehama dzakafa—mapfupa akango pararira kwose kwose—asina kana upenyu. Muchina wemutsurudzo waive wogededza kushanda asika paive nezvakati kuti zvaifanira kuitwa. [Shoko raifanira kuramba richitaurwa.]

Mwari vaive vaisa muporofita panzvimbo iyi zvine chikonzero. Chikonzero chaive chokuti mutsurudzo ivepo. Naizvozvo tinoona kuti apo Ezekieri aida mirairo, airamba akatarira kuna Mwari: *"Ipapo akati kwandiri, 'Porofita, profita, mwanakomana womunhu, uti kwairi 'Zvanzi naIshe Jehovah 'Uya uchibva kumhepo ina, iwe mweya, ufemere mukati meava vakaurayiwa, kuti vararame"* [vs. 19]. Muprofita akateerera murayiro uyu wanga usinganzwisisiki *"Saka ndakaprofita sezvaakandirayira, mweya ukapinda mukati mavo vakararama vakamira netsoka dzavo, iri hondo huru kwazvo"* [Ezekieri 37:10]. Iye yaive mutsurudzo pakati pevanhu vaive vachiti, *"Hatisisina tariro"* [vs. 11].

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

Tenda Nokuteerea

Mwari vari kudanha vanhu vachamira pamukaha kuti Mweya mwShe ugofamba kubudikidza navo uye kuti "hondo huru" yavaKristu igo iswa mumunda munguva ino yokuguma, kuti vagounganidzira kupupura kukuru kwemweya yavanhu, mazuva mukuru okupupura asati apfuura zvachose. Mwari Havana chavanoita vasina kuratidza muranda wavo-muporofita.

Pane here nguva dzatinombonzwa sokunge Mwari vaitiisa pamupata wamapfupa akaoma. Mumunda wamakuva! Hongu ndiyo nguva yakafanira yemutsiridzo, kana chete tikamuteerera Mwari. Jesu vanoti ivo *"Maeererano nokutenda kwenyu ngazviitwe saizvozvo kwamuri"* [Matt. 9:29]. Mutirongo repaFiripi pakati-kati pousiku Pauro naSilas vakanyengetera nokuimba rumbidzo kuna Mwari — mutsiridzo ikatanga ipapo. Apo zvinoratidzika sezvakaoma—zvichhita sezvisingabviri pameso avanhu—ndoopanodiwawo mutsurudzo pakati pavatsvene.

Mumazuva ano handei kuna Mwari nemwoyo inotsva kuti vachititumira kumutsurudzwa kukuru kuma Kereke edu kuti kubva mumipata yamapfupa akaoma pamweya, pabude hondo huru yava Kristu, avo vachakunda kubukidza neropa reGwayana uye nokupupura kwemiromo yavo, vakabata zvisote zvokunowadzira patsoka dzaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

Nguva yapera! Ngatibatanei mukutenda kuti Mweya waMwari udururwe nokukurumidza mumutsiridzo ine simba gurusa. Ino yave nguva yokutsvaga Mwari nokunaka kwavo. *"Zvidyarirei kururama, kohwai chibereko chorudo chisingaperi...nokuti inguva yokutsvaga Jehovah kusvika auya"* [Hosea 10:12]. Oh dai pakava nokuwungudza kukurusa kuna Mwari siku nesikati kusvikira vatipindura [minamato]. Jesu vakati ivo, *"Ko, zvino mwari haangaruramisiri vasanangurwa vake, vanodanidzira kwaari masikati nousiku here? Acharamba achivadzosa here? Ndinoti kwamuri, achaona kuti varuramisirwa, uye nokukurumidza..."* [Ruka 18:7-8].

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI . . .

TSAMBA YAPAURO KUNA FIRIMONI...

NaMufundisi Zivai Shoko

"Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka" [1Timoti 3:16]. *"Zvino ndinokuisai kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene"* [Mabasa Avapositori 20:32].

Makorokoto makuru kwauri zvakare muverengi wangu kusangana newe muchinyorwa chino cheZvidzidzo ZveBhaibheri. Sokutaura kwandinogaroita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Bhaibheri Shoko raMwari. Zvakanaka, kuti tiite savaBerea, mubhuku yaMabasa Avapositori 17:11 vakange vane tsika yokuti vakange vanzwa shoko *"vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa zvaiva zviri izvo."* Mukutsigirana namashoko mamwe iwaya mupositori Pauro anoti iye *"Shoko raKristu ngarigare zvakakwana mamuri"* [VaKorose 3:16]. Iri ishoko rezvokwadi vadikani, munhu wose zvake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakadzika nokudzama rweShoko raMwari. Mweya neShoko zvinofanira kupfuta pamwe chete muupenyu hwomuKristu. Muchinyorwa chino ndati timbotsenga-tsenga nokutarira Bhuku yaFirimoni, kana kuti tsamba yaPauro kuna Firimoni. Tsamba iyi inondibata-bata zvikuru. Manyorerwo ayakaitwa, akapomhodzwa, anounyanzwi hukurusa uye ine uzovo-zovo hwemutauro unofadza. Zvichida, savazhinji hauna kumbobvira watora nguva yako kuverenga tsamba iyi kuna Firimoni. Rega ndikukumbire kuti utange nhasi chaiye kuiverenga nokuti mairi Pauro anoratidza unyanzvi husina mukare akamboona. Chokwadika iyi tsamba ndiro zavirira raTeteguru vedu.

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviruye riopihwa kuna an naani anenge arikumbira neveGospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.

Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu

Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Runhare 091929673.

Nhengo dzeAdvisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, naWisdom Tshuma

Nhanganyaya [Introduction]: Tsamba kuna Firimoni ndiyo tsamba dikisa patsamba dzose dzakanyorwa namupositori Pauro muTestamende Itsva. Ine chitsauko chimwe chete namavhesi anokwana makumi maviri nematatu [vs. 23]. Dzimwe tsamba dzaakanyora panguva imwe cheteyo uye dziri dikisawo itsamba kuna Tito, nembiri kuna Timoti. Dzose dziri pamwe chete kusanganisira netsamba kuvaKorosi dzinozivikanwa muchirungu ***[semaprison epistles]***, asika Tito netsamba mbiri kuna Timoti dzinozivikanwawo setsamba kuvafundisi. ***[mapastoral epistles]***. Idzi dzakanyorwa dzine chinangwa chokudzidzisa mabatirwo esangano raMwari. Firimoni aive mutendi [kana kuti mwana pamweya] waPauro uyo zvino akange ava mubati weKereke paKorose. Onesimo mumwe wenhapwa dzake, akange amutiza, asi akazonosangana naPauro, akava mukristu. Pauro anonyorera Firimoni achitumira Onisimo kuna tenzi wake zvakare, uye achikumbira Firimoni kuti amuitire zvaisawanzoitwa nguva idzodzo— kumuregerera uye nokudzorera Onisimo pabasa.

1. Munyori [Author]: Munyori wetsamba iyi ndimupositori Pauro, uyo aimbozivikanwa nezita rokuti Sauro asati atendeuka. [Zita rokuti Pauro, rinoreva ***Paulos*** *muchiGreek richibva pana* ***Paulis,*** muchi Latin zvichireva *chidiki*]. Asati atendeuka mushure mokusangana naJesu parwendo rwake kuDamasiko, Pauro aishungurudza Kereke yaMwari zvikuru [Mabasa 9]. Mushure mokutendeuka kwake akazofamba munyika yavaRoma nedunhu rose reEurope neAsia achiparidza Ivhangeri yaJesu Kristu achimutsa nokutangisa maKereke akawanda zvikurusa.

2. Vanyorerwi [Recipents/Audience]: Tsamba iyi yakanyorerwa Firimoni uyo aive *"shamwari inodikanwa uye nomushandi pamwe"* chete naPauro [vs. 1]. Firimoni anogona kunge aive mutendi *[convert]* waPauro [vs. 19] uye akange ava mubati mukuru paKereke mudunhu reKorosi [vs. 2]. Aiva nepfuma zhinji uye nevaranda. Mumwe wavaranda vake ndiye ainzi Onisimo uyo akange amutiza achienda muguta reRome. Asi nokufamba kwenguva akazono sangana naPauro achibva atendeuka kuva mukristu. Pauro akanyora tsamba iyi, achidzorera Onisimo kunatenzi wake [Firmoni] uye achikumbirisa zvikuru kunaFirimoni kuti amutambirezve nokumuregerera— izvo zvaisanyonyoitiwa panguva iyoyo.

"Pauro, musungwa waKristu Jesu, naTimoti hama yedu, Kuna Firimoni shamwari yedu inodikanwa uye nomushandi pamwe chete nesu, kuna Afia hanzvadzi yedu, kuna Akipo murwi pamwe chete nesu uye nokuKereke inosangana mumba mako."

Durudziro yemavhesi 1-2: *Pauro anotevera tsika yemanyorerwo aiitwa, tsamba munguva iyoyo. apo anotanga nezita romunyori nevamwe vaanawo* ***[author & associates]****, mutambiri kana vatambiri vetsamba* ***[recipients]*** *zvichizoteverwa nekwaziso* ***[greetings/ benediction]****. (Somuenzaniso tarira vaKorosi 1:1; 1Tesaronike 1:1 nedzimwe tsamba dzaPauro). Pavhesi 1 Pauro anozviti* ***"musungwa waKristu"*** *izvi zvichireva kusungwa kwaaive akaitwa ari muguta reRome, kunyika yeItaly. Tsamba kuna Firimoni yakanyorwa potse mugore 60-61 A.D. Pauro ari muusungwa hwake hwokutanga muguta reRome. Dzimwewo tsamba dzaakanyora ari muusungwa hwokutanga muRomu, ndivaEfeso, vaFiripi navaKorosi. Muchirungu dzinozivikanwa setsamba dzakanyorwa ari mutirongo, ma* ***prison epistles.*** *Namamwewo manzwi kana achiti ari* ***"musungwa waKristu"*** *Pauro anoreva kuti aive musungwa nokuda kweivhangeri yaJesu Kristu* [vs. 13]. *Vamwe vanhu vaanononongedzerwawo mukwaziso yake ndiAfia [Apphia], Akipo [Archippus] neKereke yaisangana mumba make. Nokuda kwokuti tsamba iyi yaive yakanagana naFirimoni chete, zvingangodaro kuti Afia aive mudzimai wa Firimoni [Apphia muGreek izita remunhu wechidzimai]. Akipo,* uyo aive murwi pamwe chete naPauro *(fellow soldier)* [vs. 2], *zvingangodaro kuti aive mwanakomana waFirimoni naAfia, pamweya kana weropa. Izvi hazvinyatsozivikanwa [verenga Korosi 4:17], asi zvinoita sokunge Afia aive nechidano chakati kukumukei pasangano reKorosi.*

Nyasha ngadzive nemi norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu naIshe Jesu Kristu.

Durudziro yemavhesi 3: *Pauro unoratidza shuviro yake huru panaFirimoni nedzimwe hama dzechiKristu yokuti vayemurisise zvikuru nyasha dzinobva kuna Baba vedu naIshe Jesu Kristu uye kuti vagare murugare rwavo. Aya ndiwo aive manyorero aPauro mutsamba dzake zhinji. Nyasha [grace] nerugare [peace] ngazvive nemi zvinobva kunaBaba vedu naIshe Jesu Kristu. (Somuenzaniso tarira vaGaratia 1:3; vaEfeso 1:2; Korosi 1:2; 1Tesaronike 1:2 nedzimwe tsamba dzaPauro). Mwari Baba neMwanakomana chinhu chimwe chete. [Ani naani aona ini aona Baba... ini ndiri munaBaba uye Baba vari mandiri. Mashoko andinotaura haasi angu ndoga asi ndeaBab vanogara mandiri, avo varikuita basa ravo..."* [Johane 14:9-10]. *Kubva mavari naMweya Mutsvene tinowana nyasha norugare. [Nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu, norudo rwaMwari, nokuwadzana kwoMweya Mutsvene ngazvive nemi mose. 2 Korinde 13:14].*

Kuvonga nokunyengetera

"Ndinovonga Mwari wangu nguva dzose apo ndinokurangarira muminyengetero yangu, nokuti ndinonzwa nezvokutenda kwako muna Ishe Jesu uye norudo rwako kuvatsvene vose."

Durudziro yemavhesi 4-5: Manzwi aPauro okuvonga

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

(Kubva Papeji 3)
mutsamba iyi mashomesa zvikuru kana uchienzanisa nedzimwe tsamba dzake uye aya ndiwo aive manyorerwo etsamba dzemazuva iwawo. *"Ndinokunyengeterera kuti ...Chiratidzo chokuru chokuti Pauro aive murume womunyengetero. Mupositori aive murume wemunyengetero nokunamata.. Hushumiri hwake hwaigara hwakazodzwa nokusadzwa neminamato. Mutsamba dzake kuva Efeso, vaKorosi nevaFiripi anoshandisa mashoko mamwe, cheteyo anotanga"* [Tarira Efeso 1:15,18; Firipi 1:9; Korosi 1:9,10; i Tesaronike 1:2]. Ukanyatsotarisisa uchaona kuti, somunhu aive nechinangwa mutsamba yake, manzwi aya ave achigadzirira kupinda muchikumbiro chake chikuru mtsamba iyi: Chikumbiro pamusoro paOnisimo.

"Ndinokunyengeterera kuti ugovane nevamwe nesimba, kuitira kuti uve neruzivo rwakazara pamusoro pezvinhu zvose zvakanaka zvatinazvo munaKristu. Rudo rwako rwakandipa mufaro mukuru nokukurudzirwa, nokuti iwe, hama yangu, wakazorodza mwoyo wavatsvene."

Durudziro yemavhesi 6-7: Vadzidzi veBhaibheri [theologians] havanyatsowirirana pamadurirwo evhesi 6. Giriki yacho inonetsa kupindurira. Naizvozvo uchawana kuti mumhinduriro dzechirungu dzakasiyana-siyana. vhesi 6 inoburitswa nenzira dzakati siyanei. Giriki yacho hainyatsinzwisisika. [Somuenzaniso tarira maBhaibheri eNew King James Version [KJV], New International Version [NIV] nere American Standard Version [ASV]. Asika zvisinei hazvo ukanyatsotarisisa uchaona kuti mupositori Pauro zvaari kuedza kutaura kuna Firimoni pano ndezvizvi: "Ndanzwa [batisisa ipapa kuti Pauro aive anzwa, zvichireva izvo kuti mbiri yaFirimoni yokutenda yaive yatekeshera] nezvekutenda kwako munaJesu Kristu [faith] uye nezvokunyorovedza kwako mweya yevazhinji [comfort], kusanganisira nevazhinji veKereke inopindira mumba mako. Ndinodada newe mwanangu naizvozvi. Namabasa ako uri muratidzo wakanaka zvikuru. Zvino mukuzvininipisa ndino kumbirisisawo zvikuru kuti unyorovedzewo mwoyo wangu muchichemo chandinacho kwauri". Pauro atotanga zvino kusakurira chichemo chaaive nacho kunaFirimoni ...Kureverera Onisimo. Mukutseketudzira kuti apinde pamwoyo waFirimoni Pauro anoshandisa manzwi aya akanyorovera, okunyengerera nokukumbira: *"nokuti ndinonzwa nezvokutenda kwako muna Ishe Jesu uye nezvorudo rwako kuvatsvene vose"*[vs. 3]; *"ndinonyengeterera kuti ugovane nevamwe.. "* [vs. 6]; *"Rudo rwako rwakandipa mufaro mukuru nokukurudzirwa, nokuti iwe, hama yangu, wakazorodza mwoyo yavatsvene"* [vs. 7].

Pauro anoreverera Onesimo

"Naizvozvo, kunyange zvazvo ndisingatyi muna Kristu kuti ndikurayire zvaunofanira kuita, asindinokumbira nokuda kworudo. Saka ini, saPauro mutana uye zvino musungwa waKristu Jesu. Ndinokumbira kwauri pamusoro pomwanakomana wangu Onesimo, akava mwanakomana wangu pakusungwa kwangu. Akanga asingabatsiri kwauri kare, asi zvino ava kubatsira kwatiri tose iwe neni."

Durudziro yemavhesi 8-10: Mutsamba iyi Pauro anoratidza unyanzvi hwake hwamandiriri hwokunyengetedza. PaIvhangeri Pauro aive mumirriri ane unyanzvi hwamandorokwati. Anotanga nokuzvideredza pamberi paFirimoni uyo aive mwana wake mukutenda kana kuti **convert** yake. Sababa pakutenda Pauro anoti iye aikwanisa kuti umuudze zvokuita. [vhesi 8.... **kunyange zvazvo ndisingatyi muna Kristu kuti ndikurayire zvaunofanira kuita..**] asi nokuda kworudo rwaKristu uye neizvo zvaakadzidza muna Kristu, zvokuzvininipisa. Pauro anoti "asi ndinokumbirawo [vhesi 9]. Mupositori aive akura uye ari huzvhu panyaya yeIvhangeri. Aitove mutirongo nokuda kweIvhangeri. Aive azvara vana vakawanda pamweya kusanganisira naiye Firimoni. Somunhu mukuru aikwanisa kungoti iwe ita ichi zvotoitwa, asi pakureverera Onisimo anozvideredza zvikuru pamberi pomwana wake Firimoni. Iyi inzira yakapomhodzwa inounyanzwi iyo Firimoni aive asingakwanisi kuramba. Izvi zvinotidzidzisa kukosha kwokuzvininipisa mumuteuro [humility in intercession]. Mumunyengetero wokumiririra munhu anofanira kuzvininipisa. Zita rokuti Onisimo rinoreva kuti Batsirai. Saka pavhesi Pauro ari kuedza kutamba nezita raOnisimo [Batsirai] apo anoti.. *Akanga asingabatsiri kwauri kare, asi zvino ava kubatsira kwatiri tose iwe neni.*

"Ndiri kumudzorera kwauri, iye mwoyo wangu chaiwo. Ndaida kuti agare neni kuti agotora nzvimbo yako pakundibatsira zvandiri musungwa nokuda kweIvhangeri. Asi handina kuda kuita chinhu usina kuchitendera, kuitira kuti zvose zvakanaka zvauchaita zvirege kuva zvokurovedzerwa asi nokuda kwako."

Duridziro yemavhesi 12-14: Onisimo iave atendeuka zvakaperera mushure mukunzwa mharidzo yaPauro ari mutirongo. Aive ave "munhu mutsva" [2 Korinde 5:17] uye ave mwana waPauro pamwe chete naFirimoni pamweya. Vose vaive vave vana vomunhu mumwe chete [Garatia 3:26]. Naizvozvo Firimoni afanira kubata Onisimo somunin'ina wake munaKristu. Pauro aive abatanidzwa naOnisimo zvokuti aive asisadi kumuregedza achienda. Onisimo aive akura pamweya zvaiyemurwa naPauro, zvokuti aitoshuvira kuti agare nawe achimukurudzira, sezvaiitiwawo naFirimoni [vs. 6 yatamboreva pamusoro]. Aive atove "iye mwoyo wake chaiwo" sokutaura kwaPauro. Namamwe manzwi Pauro aive otumira mwoyo wake chaiwo kuna Firimoni. Firimoni aifanira kubata Onisimo

zvakanaka nerudo nokuti Onisimo [1] aive ave muni'ina wake [munaKristu; pamweya] [2] aive ave mwoyo waPauro chaiwo, aive ave mwanawake waakabereka pamweya. Enzanisawo na 1 Tim. 1:2; 2 Tim. 1:2 na Tito:4]. Uyu ndiwo mweya unodiwa pamunyengetero wekuteurira [intercessory prayer]. Kutakura kuremerwa kwaavo vauri kunyengeterera. Hapanoi panoratidza Pauro unyanzvi hwake hwokunyora. Anokwenenzvera tsmba yake nokunyengetedza Firimoni zvokuti Firimoni haana zvimwe zvaachaita kunze kwokungobvuma chete. Zvose izv anozviita ane kuzvininipisa kunoyemurika zvikuru. Kuzvininipisa kwake muenzaniso mukuru watinofanira kutevera [Php. 2:5]. Pano mupositori aive okwenenzvera chikumbiro cnake nenzira yakapomhodzwa ineunyanzvi muzovovo raZavirira.

"Nokuti kuda zvimwe wakaparadzaniswa naye kwechinguvana kuti ogozova naye nokusingaperi, asisiri somuranda asi ave nani kupfuura muranda, sehama inodikanwa. Munhu anodikanwa kwandiri asi kutonyanya kwauri, zvose somunhu uye sehama munaShe."

Duridziro yemavhesi 15-16: Pauro anonyaradza Firimoni nokumudzivise hasha dzake. Haasaifanira kurwadzikana zvikuru nokutizwa kaakaitwa naOnisimo asi kuti aitofanira kutenda Mwari kuti chinguvana ichi chakavhura Onisimo pfungwa nendangariro dzake kuti asangane naJesu, saIshe namuponisi wake. Nokuda kwaizvozvo vaive vasanganiswa kuva chinhu chimwe chete kusvika nokusingaperi, "kuti ugozova naye nokusingaperi [apawo zvichireva nomuupenyu husingaperi] " asisiri somuranda asi ave nani kupfuura muranda, sehama inodikanwa pamweya. Nemamwe manzwi Pauro arikuti iye kana mave maKristu, munhu haafaniri kubatwa semuranda asi sehama yako. Munhu wose akakosha pamberi paMwari nokuti nayewo akafirwa naJesu sewe!

"Saka kana uchindiona semumwe wako, mugamuchire sokugamuchira kwaungandiita. Kana ane zvaakakutadzira kana kuti ane mungava newe, uzvireve kwandiri. Ini Pauro ndanyora izvi neruoko rwangu. Ndichazviripira ndisingarevi kuti iwe pachako urimungava kwandiri. Hama ndinoshuva kuti ndiwane rubatsiro kubva kwauri muna she; zorodza mwoyo wangu munaKristu. Ndanyora kwauri ndichivimba nokuterera kwako, ndichiziva kuti uchaita kunyange kupfuura zvandakukumbira."

Durudziro yemavhesi 17-19: Mukunopedzisa tsanba yake Pauro akaratidza unyanzvi, hunoratidza kuti zvechokwadi aisutswa neMweya mutsvene. Sokutaura kwaive amboita pamusoro, onisimo aive ave chinhu chimwe chete naPauro. Firimoni aive atofanira kutarira Onisimo neziso rakatisiyanei. Aive ofanira kumuonawo semunhu, akakosha akatengwawo neropa raJesu uye munhuwo ane chinangwa [purpose] panaMwari. Mukupedzisira Pauro anoturira zvose kuna Firimoni...*Ndanyora kwauri ndichivimba nokuterera kwako, ndichiziva kuti uchaita kunyange kupfuura zvandakukumbira.*

ZVIDZIDZO KUBVA MUTSAMBA KUNAFIRIMONI

Mumutambo uyu Firimoni anomirira Mwari vedu. Onisimo anomirira iwe neni takatadza tikatiza nokubira Mwari Baba vedu. Pauro anomirira Ishe Jesu, mumiriri wedu mukurusa. Mumwe namumwe wedu ane nguva yaakambotoza nokubira Mwari. Mushure mukuvhurika kwemeso nokutendeuka, kuti tidzokere kuna Baba takanobombera pana Jesu Kristu mumiriri akakwana. *"Jesu akapindura akati, 'ini ndini nzira nechikwadi uye neupenyu. Hapana angauya kuna Baba kana asina kupfuura nepandiri"* [Jn. 14:6]. Kuti titambirwe kuna Baba tinofanira kupfuura nepana Ishe Jesu, mumiriri wakatikwanira nokuti fanira. "Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye , nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera Muchinyorwa chino handina kunyatso ngundumutsa nokunanzvira tsamba kuna Firimoni. Asi ndine chivimbo chokui newewo wanakidzwa nayo. Ndapota ngatirambe tichiita sevaBerea vakange vane tsika yakanaka yokuti kana vakanzwe shoko "vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa zvaiva izvo". Ndapota ndinyorerewo tsamba uchindiudza zvaunofunga pamusoro peZvidzidzo ZveBhaibheri. Ndingafara zvikuru kunzwa kubva kwauri. Kusvikira tasanganazve, ini Zivai mwana weShoko, ndaenda ini....

Chikumbiro!!! ***Mharidzo Yokuuya Kwake*** ingafara zvikuru kana ikawana tsamba dzinobva kwamuri imi vaverengi. Ndapota tItumiraiwo tsamba dzenyu muchitiudza kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupai uye neizvo zvamunotarisira kuti dai zvawedzerwa. Motiudzawoka nhai hama kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti neyewo ari kushandawo sei mumaKereke enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero pakero inoti Mharidzo Yokuuya Kwake c/o Godfrey Ndiriwenyu, 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawyo, Zimbabwe; kana kero ye e-meiri inoti *Mharidzo4Him@yahoo.com.* Runhare: 0772 929 673.

"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare.Nokuti ndipo Jehovha akaraira makomborero ake ihwo upenyu husingaperi." [Ps.133:1,3]

CHIIKO CHAKAITIKA PAMUCHINJIKWA...?

"Uyai kwandiri imi mose makaneta, makaremerwa, uye ini ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo munyoro, uye muchawana zororo remweya yenyu. Nokuti joko rangu rakareruka uye mutoro wangu wakareruka" [Mateo 11:28-29].

[Ishe Jesu vachiroverwa pamuchinjikwa, pane zvikuru zvakakosha zvakaitika. Mateo anoti iye *"Jesu akati adanidzira nenzwi guru akabudisa mweya wake. Ipapo chidzitiro chemutemberi chakabvaruka nepakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji, vakanga vafa ikamutswa kuupenyu. Vakabuda mumakuva uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa nevanhu vazhinji. Mukuru wezana nevaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakaitika, vakatya kwazvo, vakati, 'Zvechokwadi uyu anga ari Mwanakomana waMwari'"* [Mateo 27:50-54]. Asika izvi hazvisiri izvo zvoga. Pane zvikuru pamweya zvakaitika:

Zvikuru zvakaitika pamuchinjikwa ndezvizvi.....

1. Jesu vakatakura "kurwadziswa kwedu kuti iwe neni teregererwe kukoniwa kwedu" [Isaya 53:4-5]. Zvirokwazvo akatakura kurwadziswa kwedu, akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu.

2. Jesu akakuvadzwa kuti iwe neni tirapiwe nokuporeswa [Isaya 53:4]. *Zvirokwazvo akatakura matenda edu...uye namavanga ake takaporeswa.*

3. Jesu vakaitwa chivi kuti iwe nenimaari tigova kururama kwaMwari. *"Mwari vakaita kuti uyo akange asina chivi nokuda kwedu, kuitira kuti maari tive kururama kwaMwari"* [2 Korinde 5:21].

4. *Jesu vakafa rufu rwedu kuti iwe neni tigamuchire upenyu hwavo.* *"Asi tinoona Jesu akaitwa muduku zvishomana kuvatumwa, nokuti akatambudzika murufu kuitira kuti nenyasha dzaMwari anzwe rufu, nokuda kwavose"* [Heberu 2:9]. *"Mubayiro wechivi ndirwo rufu asi chipo chaMwari ndihwo upenyu husingaperi muna Jesu Kristu Ishe wedu"* [VaRoma 6:23].

5. Jesu akava murombo kuti ini newe tikwanisirwe munazvose [Tive vapfumi nokubudirira] [2 Korinde 8:9] *"Nokuti munoziva nyasha dzaIshe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akange ari mupfumi asi nokuda kwenyu akava murombo, kuitira kuti kubidikidza nourombo hwake imi mugopfumiswa"] Ishe Jesu Kristu vakatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwose [kana kuti zvivimbiso zvose zvakavimbiswa nozvakapiwa Abrahama zvigosvikawo kwatiri isu vahedheni [vakatukwa] kubudikidza naKristu Jesu, izvi vachiitira kuti nokutenda tigogamuchira chipikirwa choMweya]* Garatia 3:13.

6. *Jesu vakanyadziswa kuti iwe neni tigowana kubwinya. Jesu vakarambwa kuti iwe neni tigogamuchirwa kuna Baba* [Isaya 54:6 *Jehovah vachakudanazve sokunge wanga uri mukadzi akarambwa nokusiiwa uye anotambudzika pamweya, makadzi akawanikwa achiri mudiki pedzezvo ndokurambwa", ndizvo zvinotaura Jehovah Mwari wako].*

7. ***Jesu Kristu vakave chakatukwa kuti iwe neni tipinde mumakomborero aMwari.*** [Garatia 3:13-14 *"Kristu akatidzikinura kubva pakutukwa... paakava chakatukwa iye nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi 'vakatukwa vanoturikwa pamuti'. Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwakwose [kana kuti kuvimbiswa kwose] kwakapiwa Abrahamu kugosvika kwatiri vaHedheni kubudikidza naKristu Jesu, izvi kuitira kuti nokuenda nesuwo tigogamuchira chipikirwa chaMwari"]*

8. Jesu vakave mwana woMunhu kuti vana vomunhu vagove vana vaMwari. [Johane 1:12; *Asi kune vose vakamugamuchira, kuna avo vakatenda muzita rake akavapa simba rokunzi vanzi vana vaMwari, vana vasina kuberekwa neropa kana nokufunga kwomumhu kana nokuda kwomurume , asi vakaberekwa naMwari. "Tarirai nyasha dzatakaitirwa naMwari uti tinzi tiri vana vaMwari"* [1 Jn. 3:1].

NEROPA RAJESU CHETE...

Tinomukunda chete Satani, kana tikapupura pachena zvose zvinotaurwa neShoko raMwari pamusoro peropa raJesu matiri. [Zvakazarurwa 12:11: Vakamukunda [Satani] neropa reGwayana [rajesu] uye neshoko rekupupura kwavo. Havana kuda upenyu hwavo zvakanyanya zvokuti vangatya kufa]

Naizvozvo kubva nhasi rumbidza Mwari wako uchiti:

Kubudikidza neropa , ndakadzikinurwa kubva muruoko rwaDhiabhorosi [Efesou 1:7 *"Uyo watine dzikinuro maari kubudikidza neropa rake, iko kuregererwa kwezvivi zvedu, zviri maeerarano nokupfuma kwenyasha dzaMwari dzaakawanza pamusoro pedu nouchenjeri hwose uye nokunzwisisa kwose."*]

Kubudikidza neropa raJesu, zvivi zvangu zvose zvakaregererrwa. [1 Johane 1:9 *Asi kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikangan-wira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose.*]

Kubudikidza neropa raJesu, ndiri kugaronatswa pazvivi zvangu zvose. [1Johane 1:7 *Asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza tinowadzana mumwe*

kune mumwe wedu uye ropa raJesu, Mwanakomana wake rinotinatsa, pazvivi zvedu]

Kubudikidza neropa raJesu, ndakaporeswa, ndakanatswa sokunonzi handina kumbobvira ndatadza. [VaRoma 5:8-9 *Asi Mwari vakaratidza rudo rwavo kwatiri pakuti; tichiri vatadzi, Kristu akatifira. Zvino sezvo takashairwa mhosva neropa rake tichaponeswa zvikuru sei naye kubva pakutsamwa kwaMwari.*]

Kubudikidza neropa raJesu, ndakatsaurirwa kuna Mwari uye ndakaitwa mutsvene. [Hebheru 13:12: Uye Jesu akatambudzika.. kuti vanhu vave vatsvene kubudikidza neropa rake.]

Kubikidza neropa raJesu , ndinotsungirira kuti ndipinde paNzvimbo tsvene-tsvene. [VaHeberu 10:19 *Naizvozvo hama dzangu, zvitino tsunga kuti tipinde paNzvimbo tsvene-tsvens neropa raJesu nenzira itsva uye inoupenyu yatakazarurirwa kubudikidza nechidzitiro chinova muviri wake , uye sezvo tinomupirista pamusoro peimba yaMwari, ngatiswederei kuna Mwari nemwoyo wechikwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo...]*

NDINGASHAMBIDZWE NEI?

Ndingashambidzwe nei
Iropa raJesu chete
Ndingatsveneswe nei?
Iropa raJesu chete
Koro
Itsime reropa
Rinondishambidza,
Iropa raJesu chete
Hakuna kucheneswa,
Kunze kweropa raJesu.
Hakuna kuregererwa
Kunze kweropa raJesu

Hakuna kununurwa
Kunze kweropa raJesu
Handigoni kurapwa,
Kunze kweropa raJesu

Hapana rutariro
Panze peropa raJesu
Hapana kururama
Panze peropa raJesu

Kubva muna "The Divine Exchange"naDerick Prince. Nziyo yakabva mubhuku reNziyo Dzokurumbidza.

Ropa raJesu rinondireverera kuna Mwari ari kudenga. [VaHeberu 12:24 *Asi mauya pagomo reZioni, Jerusarema rokudenga paguta raMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvavatumwa vari paungano yomufaro, kuKereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakakwaniswa. Mauya kuna Jesu murevereri wesungano itsva, uye kuropa rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri*]

NAIZVOZVO VAKADZIKINURWA NAJEHOVHA NGAVATI...

Muviri wangu itemberi roMweya Mutsvene [vaKorinde 6;19]. Ndakadzikinurwa neropa raJesu [vaEfesu 1:7]. Neropa ndakacheneswa nokunatswa [1 Johane 1:7] uye neropa raJesu ndakatsaurirwa kuna Mwari. [Hebheru 13:12].

Nhengo dzomuviri wangu dzose yave midziyo yaMwari [VaRoma 6:13] yakapirwa yose kubasa nokubwinya kwaMwari. Satani haana nzvimbo mandiri, haana samba pamusoro pangu, haana chekwereti neni. Zvose zvakabhadharirwa neropa raJesu Kristu pamuchinjikwa. [VaRoma 3:23-25; 8:33-34].

Ndinomukunda chete Satani neropa reGwayana uye neinzwi rokupupura kwangu uye handidi upenyu hwangu zvakanyanya zvokuti handiti kufa. [Zvakazarurwa 12:11]. Muviri wangu wave waIshe, naaishewo vave muviri wangu [I Korinde 6:13] .

Funga Pamusoro Pemashoko aya....

Mako 10:26-30: Vadzidzi vakashamiswa [nazvo] uye vakati pakati pavo "Zvino ndianiko angaponeswa?" Jesu akatarisa kwavari akati, "Kumunhu hazvigoneki, asi kwete Mwari, zvinhu zvose, zvinogoneka kuna Mwari." Petro akati kwaari, "Isu takasiya zvinhu zvose, kuti tikuteverei." Jesu akapindura akati kwavari, "Ndinokuudzai chokwadi, hakuna munhu akasiya musha kana vanin'ina, kana hanzvadzi, kana mai, kana baba, kana vana, kana minda nokuda kwangu uye nokuda kweIvhangeri, achakonewa kugamuchira zvakawanda kakapetwa kazana munguva ino. (misha, vanun'una, hanzvadzi, vanamai, vana neminda uye pamwe chete naizvozvo kutambudzika) uye panguva inouya upenyuhusingaperi."

Ps 84:11: *"Jehovah Mwari ndiye zuva nenhoo. Jehovha anopa nyasha nokukudzwa, hapana chinhu chakanaka chaanganyima avo vano famba zvakarurama."*

Ps 37:4: *"Farikana munaJehovha, uye Iye achakupa zvinodikanwa nemwoyo wako; Ndakange ndiri muduku uye iko zvino ndakwegura, asi handina kumboona vakarurama vachisiiwa, kana vana vavo vachipemha chingwa."*

MWARI VANGAVA SEI PAKATI PEDU

NaA. E. Reinschmidt

"Ndinokuudzai chokwadi kuti kana vaviri venyu mukabvumirana pane chamunokumbira kuna Baba vangu vari kudenga ,muchachiitirwa. Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo" [Mateo 18:19-20]

Hapanoi apo chokwadi chiri pachena-chena cheBhaibheri chinonokanganiswa navazhinji [zvikuru sei navadzidzi veBhaibheri]. Vadzidzi vanoedza kutsemura zvokwadi yeShoko raMwari kuti iite seinodzidzisa zvinhu zviviiri asi iyo ichingova nechidzidzo chimwe chete. Somuenzaniso: Mumashoko okutanga anoti *"kana vaviri venyu mukabvumirana,"* newokuti "panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu", inongova pfungwa imwe chete iri kutevera mufungo mumwe chetewo. Izvi zvinoreva izvo kuti kuva pamwe chete kwavatendi kunorevawo kuwirirana pemweya kwavatsvene. Kubatana pamweya ndeicho chakakosha pazvose, pakati pavatendi; uye chivimbiso chokuti, *"pane chamunokumbira kuna Baba vangu ....muchachiitirwa"* hachinganzwisisiwi zvakazara kana pasina kuwedzerwa aya manzwi, *"neni ndiripowo pakati pavo."*

Kanapo zvichiita sokunge pakatakurwa pfungwa mbiri mumavhesi maviri iwaya, chokwadi chiripo ndechokuti, pane pfungwa imwe chete: iyo iri yokuti pose pane kubatana kwavatendi pamweya , vangave vashoma sei [vaviri kana vatatu] , Mwari Baba neMwanakomana vanovapowo kuzopindura minamato neminyengetero yavo. Chivimbiso chokuti *"neni ndiripowo pakati pavo"* chinopihwa semhinduro kukuva pamwe chete kwavatendi, *"kana... mukabvumirana pane chamunokumbira kuna Baba vangu,"* chivimbiso chogova chokuti *"muchachiitirwa"*.

Kuyanana Kunovaka [Nokugadzira] Ugaro HwaMwari...

Ko Ishe Jesu vanoda kuti tibatisise nokunzwisisei muaya manzwi *"neni ndiripowo pakati pavo"*. Chokutanga, ari pakati pedu nemhaka yokuti isu savatendi tawirirana, tiri vomwoyo nemweya mumwe chete, *"kana... mukabvumirana"* tiri chinhu chimwe chete. Tsanganudzo imwe cheteyo tinoiwana panaMapisarema 133: *"Tarirai, zvakanaka uye zvinofadza sei kana hama dzichigara pamwe chete mukubatana!... nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi"*. Kuva pamwe chete paMweya savatendi kunovaka ugaro hwaMwari muMweya. [Efeso 2:22] Nokuda kwechokwadi ichochi kubatana chinhu chakakosha muupenyu uye mukufambira mberi kweKereke yaKristu. Kupesana pakati pomunhu naMwari uye pakati pake nemumwe wake, sokurongwa kwazvaive zvaitwa naMwari, ndiwo wakave mubairo wokutanga wechivi. [Ukama pakati pavaviri kwakave nechokuita pane wechitatu—Mwari. Nanhasi zvingori saizvozvo. Kukanganisika kwoukama pakati pedu kunokanganisawo kushanda kwaMwari pakati pedu].

Naizvozvo pakudzokera kwedu kunaMwari nguva dzose, kuwirirana navamwe uye naiye Mwari, ndeicho chakakosha pazvose, nokuda kwokuti ndeapo chete pane kubatana panopihwawo makomborero aMwari, "nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi".

Huumwe [kuva pamwe] hunodzirisa upenyu hwedenga panyika, uye saizvozvowo kupesana kwavatendi kunodururira marasha anopisa eGehena pakati pedu. Mushoko raMwari kwakanyorwa kuchinzi:

"Vakaropafadzwa vanoyananisa nokuti vachanzi vana vaMwari". Kune rumwewo rutivi zvigonzi izvo avo vanokonzera kupesana, vanoisa zvigumburiso pamberi pavamwe, vanopikisana nedzidziso yatakadzidza. Vakatukwa uye havana kukomborerwa.Tinofanira kuva kure navo! [VaRoma 16:17]. Inzwa zviri kurehwa neshoko raMwari pano, Avo vanodzirisa kuyanana vanotiunzira Mwari pakati pedu: avo vanogumbura nekupesanisa vamwe vanodzinga Mwari pakati pedu. Kuburutsira Mwari pakati pavanhu, chikomorero chikuru chatinokwanisa kuita tichiri pano pasi. Kudhiriza, kumaramara nokupesanisa vamwe, tichidzinga Mwari mutemberi yake huSatani husina mukare akamboona. Chechipiri: Ishe vanoda kuti tivaone kana vari pakati pedu, tokanda pamusoro pake kufunganya kwedu kwose nokuti iye anotichengeta. Kuva kwake pakati pedu kune chinangwa chikuru: kuzobatsira avo vanomupa nzvimbo pakati pavo *"neni ndiripowo pakati pavo."*

Ishe vedu vachiri kutsika pane ino nyika, avo vaimupa pokugara nokurara vaiita basa guru kwazvo muumambo, nokuda kwokuti kunonzi izvo Mwanakomana woMunhu aiva asina pokutsamidzira musoro wake. [Jesu akapindura achiti, Makava ane mwena yavo, shiri dzine matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangatsamidza musoro wake"[Mateo 8:20]. Avo vaimupa pokugara nokutsamidza musoro wake vakawana makomborero anopfachukira esimba rake uye nokukomborerwa kukuru. Saizvozvowo, nanhasi avo vanomupa pokugara nokutsamidza musoro wake, mumweya, vanomuitira zvakanaka zvikuru uye navowo vanowana makomborero akapfuura ayo avaiwana Ishe

achatsika rino pasi netsoka dzake. *"Jesu akapindura akati, 'Kana munhu achindida achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari tigoita ugaro hwedu naye"* [Johane 14:23]. Chikuru chatinofanira kubatisisa ndechokuti manzwi aya ari kureva panguva ino yatiri kurarama. Ndoreva ikozvino pachinguvana chiripo pakati pokuenda kwake kudenga naapo paachazodzoka rwechipiri achizotora Kereke yake. Apa haasizve kungoreva chete chipo ChePendakosti [cheMweya Mutsvene] uyo wakavimbiswa kune avo vanotenda kwaari [Johane 7:39, Mabasa 2:38-39]: ari kureva Jesu akamutswa kuvakafa anonogara pakati pevatendi vamugadzirira nzvimbo, nokuwirirana kwavo pamweya, kanapo vangave vari vashoma [vaviri kana vatatu] [Johane 17:21-23].

"Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo" Manzwi aya anoitiratidzazve kuti nemhaka yei Ishe vari pakati pavaviri kana vatatu. Vanofanira kuungana muzita rake, izvi zvichireva kuti mukuda kwake kwete kuda kwaava vaviri kana vatatu. Apawo zvichireva izvo kuti, nyaya yokuda kwedu inofanirwa kukandirwa kuresa nesu apo tinenge taungana muzita rake. Kuti vaviri ava vave chinhu chimwe chete [uye kuti Mwari ave pakati pavo] panofanira kuva nokuzviramba kwomumwe namumwe wavo, pasina kuzvikudza uye mukuzvininipisa achitarira kukuda kwomumwe wake: *"Ivai norudo rukuru mumwe kune mumwe savadikani.Mumwe nomumwe wenyu ngaakudze mumwe kupfuura kuzvikudza kwaanozviita iye"* [VaRoma 12:10]. *"Musaita zvinhu nomwoyo wokuchiva kana wokuzvikudza, asi mukuzvininipisa muchionawo vamwe kuti vari nani kupfuura imi. Mumwe namumwe wenyu ngaarege kungotsvaga zvake chete, asi zvavamwewo"* [VaFiripi 2:2-3].

Kana kuzvikudza kusiripo pakati pavatendi, huvepo hwamwari hunowanikwawo. Apa haisiri kureva kuti umunhu hahuvipo kwete, asi kuti kuzvikudza nokuzvida kunenge kwarasirwa kure, zita raJesu rova iro rinotonga. Mwari havatongi apo pari kutongwa nokuzvikudza uye nokuzvida. Kuzvikudza, kuzvida, kunofanira kurasirwa kure , "vaviri kana vatatu" vasati vaungana muzita rake. Kuti Mwari vadurure makomborero avo, pakati pavatendi, kuwirirana kunofanira kuva chisikwa chokutanga.

Tisakanganwe kuti icho chinodhonzera Mweya Mutsvene pakati pedu kuwirirana nokuyanana pakati pavatendi. Kuzvida nokuzvikudza kunobviswa uye hakutongi. Kuzvida kuri matiri kana tichingogumburwa-gumburwa nezvinhu zvisina maturo. Kuzvida kuri matiri kana tichingowisirwa pasi nezvnyika ino uye nokuda kwayo. Kuzvikudza kwose kuri matiri kana kunyengera kuri kutonga matiri pane kuti tive nokuzvininipisa. Mwari vanowanikwa chete apo pasina kuzvikudza uye apo Kristu nezita ravo rinokudziwa nekurumbidzwa. Ishe Jesu pavakati *"Panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo"* vari kufunga nezvevaviri kana vatatu vanenge vasiya zvose kuzomutevera. Izvi zvichizokwanisira kuva kwavo temberi yaMwari. Kana paita saizvozvo Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pavo. Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pechaunga chinenge chauraya kwose kuzvida nokuzvikudza. Apo vaviri kana vatatu vanowirirana kuva pamwe chete pamweya, [muzita raJesu], Baba vari kudenga vanogara pakati pavo. Mwanakomana waMwari anouyawo kuzogara pakati pavo. Izvi zvinoburitswa pachena nemanzwi aJesu panaJohane 14:20-23. Muukama uhwu chete ndimo matinonzwisisa aya manzwi ake anoti Pazuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba imi uri mandiri, uye ini ndiri mamuri. Ani naani ane mirairo yangu uye anoiteerera, ndiye anondida iyeye. Uyo anondida achadikanwawo naBaba vangu, neniwo ndichamuda uye dichazviratidza kwaari. Kana munhu achindida achateerera udzidzisa kwangu.Baba vangu vachamuda , uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye.

Hapana ukama munaKristu hunopfuura uhwo hwunobudiswa pana Mateo 18 na Johane 14. Mashoko aJesu pamusoro poMweya Mutsvene anoti *"Ndine zvizhinji zvokutaura kwamuri, zvakawanda zvokuti hamungagoni kuzvitakura zvose iye zvino. Asi kana iye, Mweya wechokwadi, auya, achakutungamirirai muzvokwadi yose. Haatongotauri zvake; achataura zvaanenge anzwa uye achakuudzai zvichauya. Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvizivisa kwamuri"* anongozozadziswa chete apo vatsvene vanange vari pamwe mumweya nemwoyo mumwe chete.

Kuungana Muzita Rake...

Ko Ishe vanoreveiko namanzwi aya, ***"panoungana vaviri kana vatatu muzita"*** ravo? Hapanoi patiri kupotsa zvikuru savatendi.[Apo tiri kupesana nemakomborero zvisina mukare akamboona] Jesu vanoreva ivo kuti arikuzova pakati paavo vanowirirana mukutsvaga kuda kwake, kwete kuda kwavo, avo vanomukoshesa iye saIshe, kwete ndokunge pane zvavanoda uye zvavanofarira ivo. [Tikasachenjerera] Icho chatinokoshesesa zvikurusa chingangova chimwari chedu. Kuvavarira zvedu chete kungangoita kuti tide Jesu nemhaka yokuti tinenge tichida rubatsiro rwake, kwete nemhaka yokuti tinomuda. Somuenzaniso kune vaya vanofarira zvikuru utano hwakanaka; zvokuti chikuru chavanofarira chete kubva kuna Jesu isimba rokurapwa nokuporeswa. Tingangokoshesa zvose izvo zvakanaka zvatinoda zvokuti tinozguma toona Jesu senzira yokusvika paicho chatinofarira. Zvatinokoshesa zvose zvingava zvakanaka, sokubatana, kuwadzana, kana mutsurudzo, kana upenyu husingaperi, apo tinozonoona Jesu sechimugwagwa chokunowana icho chatinoda

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)
[nokufarira]. Kana tikaita zvose izvi [tine pfungwa iyi] hazvisiri muzita rake, asi kuti muzita nokuda kwedu uye zvose zvichiitirwesu. Kunze kwokunge tamuda kupfuura zvose ndipo patinenge tichiita zvose muzita rake. Kana tichishuwira kuva kwake pakati pedu souyo anokwanisa kutibatsira chete kuwana izvo zvatinoda kupfuura iye, tichakatyamadzwa, nokuda kwokuti izvi hazvisi muzita rake. Ndeicho chakakosha chatiri kudzidza kubva kune aya magwaro atiri kuverenga. Tinakwanisa kukumbira izvo zvatinoda; tiri pamwe chete; asi kana zvisiri muzita rake, zvisingaitirwi iye, hapana zvizhinji zvatinowana. Kubva pachokwadi ichochi ndipo patinganzwisisa zvakanaka manzwi aya aJesu: *"Kana mukakumbira chinhu chipi zvacho muzita rangu, ndichaita"* [Johane 14:14].

Tinoda here kuva naJesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvakazare mukuda kwake. Kana kuti tinomuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi. Kana chiri chokutanga [chokuda Jesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvakazara mukuda kwake], zvose zviri muzita rake, asi kana zviri zvedu nokuda kwedu [kumuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi] tiri kurasika. Kuti tive naShe pakati pedu, vashoma vedu [vaviri kana vatatu sokutaura kwaJesu] vanofanira kuwirirana, vari pamwe chete mumweya nemuzvokwadi.Tinofanira kusiya zvose tigotakura muchinjiko wake tichimutevera kwose kwaanoenda. Iye ndiye anofanira kubata hwose umambo. Kuzvininipisa [1Petro 5:5-6] uye kuzviisa pasi pomumwe namumwe tichitya Mwari ndiyo chete nzira yokurasira kuzvida kwedu kwose kure kure nesu uye kuti Jesu vagowana chinzvimbo chavo pakati pedu. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

Zvakanaka uye zvinofadza sei hama,
Kana mukubatana dzichigara pamwe chete hama.
Zvakafanana naanokosha mafuta adururirwa pamusoro,
Anoerera kundebvu dzaAroni, kubva kumusoro
Anoburukira kusvikira pamipendero yenguo dzake,

Zvinoita sedova reHerimoni paGomo reZioni.
Nokuti ndipo pakaiswa kwaJehovha, kuropafadza,
Uhwu ndihwo husingaperi upenyu,.
[Pisarema 133 sedetembo]

UNGARARAMA SEI UPENYU HWOKUKUNDA!

[Zvidzidzo kubva mubhuku yavaHebheru]
NaGodfrey Ndiriwenyu

"Nokuti Mwari havana kutipa mweya wokutya [mweya wougwara, wokugarohuta, mwey wokugaromhanyiswa nezvisipo] , asi Mweya wesimba, noworudo nokuzvidzora [pfungwa dzakagadzikana]" [1Timoti 1:7].

Shoko raMwari rinoburitsa pachena kuti isu [avo vari vana vaMwari (Johane 1:12)] tiri vokukunda nokubudirira. Hatiziri vokudzokera shure kana kudududzira. Shok rinoti iro, *"... Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi Mweya wesimba, noworudo nowokuzvidzora"* [1 Timoti 1:7]. Inzwa mudikani, kune mweya wokutya uriko uye uno mbunyikidza nokubata vanhu, asi uyu mweya haubvi kuna Mwari. Kutya chibereko cherima uye dzimwe nguva kunokonzerwa nemweya, asi Mweya uyu usiri waMwari. Une kwaunobva asika uyu hausiriwo watakapiwa. Isu takapihwe mweya wesimba. Sokureva kunoita Shoko raMwari tiri vakundi nokupfuurisa nokuti Mwari vedu ndiMwari vokukunda. Mupositori Johane anoti iye 'uyo ari matiri mukuru, uye anesimba kupfuura ari munyika.' Jehovah Mwari vakaita kuti Dhavhidhi akunde kwose kwaakaenda. ndivo vachaita kuti ini newe tirarame upenyu hwokukunda kwose kwatinoenda uye muizvo zvose zvatinoita nokubata. Jehovah "Nissi" vakarwira Moses akakunda maAmerikaitsi ndivo mwari vachaita kuti iwe neni tikunde muhondo dzose dzatinosangana nadzo. Shoko ravo rinotiudza kuti tinogona chete kuita zvose kubudikidza naiye anotipa simba [2 Sam 8:6; Firipi 4:13]. Mwari vedu ndiJehovha Wamasimba ose, mambo naIshe vokubwinya kwose. NdiJehovha vane simba noumhare, Mwari vane ukuru nesimba pakurwa. [Ps 24:8] Ndivo Jehovha, ruponeso nokukudzwa kwedu. Dombo redu guru noutiziro hwedu, mubatsiri wedu munguva yokutambudzika kwedu. [Ps 62:7; 46:1] NdiJehovha vanotasva matenga akare, 'iye anobudisa inzwi rine simba somupande wemvura' [Ps 68:33] Ishe wedu mukuru uye ane simba guru' [Ps 147:5] Achinyorera Kereke yavaRoma, mupositori Pauro anoti iye rangarirai kuti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye [Jesu] akatida". [VaRoma 8:37]. Rega ndikupe mazita mashomanan anopihwa Mwari muShoko ravo ayo anoenderana nokushanda kwavo. NdiJehovah-El-Shaddai: Mwari vananzvo zvose. NdiJehovah-Sabaoth.. Mwari anokurwira muhondo dzako dzose. NdiJehovah-Rapha.. Mwari vanokurapa zvirwere zvako zvose.

NdiJehovah-Nissi.Mwari vanokurwira kuvavengi vako. NdiJehovah-Raah...Mwari vari mufudzi wako. NdiJehovah-Tsidkenu.. Mwari vari kunaka kwako. NdiJehovah-Shamah..Mwari varipo uye vaneni newe nguva dzose. Ndijehovah-Shalom..Mwari vari kusununguka kwedu. Kana dai tikasangana nemiedzo yakaita sei, kana dai tikasangana nehondo dzowakaipa dzakaita sei, chokwadi cheShoko cheShoko raMwari chinoti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida". Vachitaura kubudikidza namuporofita Isaya Jehovha vanoti ivo *"Hapana munondo ucharwisana newe ukakunda, uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva"* [54:17]. Pachitsauko 59 vanoti ivo kana dai Wakaipa akauya samafashamu, ivo vachasimudza rutandare rwedziviriro yavo. Asika mubvunzo mukuru uripo ndewokuti, *"nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vazhinji vachirarama upenyu hwokutya nokukundwa?" "nemhaka yeiko vamwe vana vaMwari vachirarama upenyu hwokutya noumbwende?"* Ukanyatso tarisisa muvaKristu vazhinji nhasi uchaona kuti pana vamwe vanotogutsikana kwazvo napachinzvimbo chavari chokutya nokukundwa. Kwavari upenyu hwokukunda rungano rwatsuro nasekuru gudo. Satani akavagara matunduru, zviya zvokuti vatove vana zvakanaka zvakadaro. Nemhaka yeiko zvichiita saizvozvo? Uku ndikwo kuda kwaMwari here muupenyu hwavana vake?

Pangava nemhinduro dzakati kuti kumubvunzo iwoyu hongu, asi mhinduro huru ndeyokusaziva. Vachitaura namuporofita Hosea, Mwari vanoti ivo, *"Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushaiwa zivo"*. [4:6] Mudikani, kushaiwa zivo, kune ngozi, uye kunounza rufu nokufa. Chinosuwisazve chikuru ndechokuti, Satani haazvizivi uye haana mhosva kuti hauzivi, uye haana basa nokuti hauzivi. Kwaari usaziva kwako ndich chombo chikuru chokukutsimbirira nacho. Mudikani kuti urarame upenyu hwokukunda unafanira kuva nezivo. Zivo yakakosha uye pane zvinhu zvinomwe zvaunofanira kuziva kuti urarame upenyu hwokukunda.

1. Tenda nomwoyo wako wose kuti Jehovah ndiyeMwari.

Nokuti *"Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari, uye ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo."* [Heberu 11:6]. Nemuchirungu inoti ***.. without faith it is impossible to please him [God], for whoever would draw near to God must believe that he exists and that he rewards those who seek him.*** Tenda nemwoyo wako wose kuti Mwari vanokwanisa, uye havakundikani. *"Nokuti hakuna chinhu chisinga gonekwi naMwari"*. [Ruka 1:37] Tenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha vachakurwira. *"Teererai, Mambo Jehoshafati navose vanogara muJudha neJerusarema! Musatya kana kuora mwoyo nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndokwaMwari"*. [2 Makoronike 20:15] Mwari havambovasiyi avo vanovimba navo. Hondo yose youpenyu hwako ndeyavo. Meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomutya, napamusoro paavo vanoisa tariro yavo murudo rwake rusingaperi. Achakurwira parufu uye achakuraramisa nokukuponesa panguva yenzara. Kana ukatenda nemwoyo wako wose kuti Jehovha ndiye Mwari, uye kuti vari pamusoro pazvose, uri kudivi rokukunda. Chokutya hapana! Ko ungagotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. *"Kunyange ndikafamba nomumupata nomumvuri worufu handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni, tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza"*. [Ps 23:4]. *"Jehovha Mwari ndiye zuva nenhoo [yedu], Jehovha anopa nyasha, dziviriro] nokukudzwa; hapana chinhu chakanaka chaanganyima avo vanofamba zvakarurama"* [Pisarema 84:11].

2. Rarama upenyu hutsvene hunofadza Mwari.

"Nokutenda Enoki akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti Mwari akanga amutora ; nokuti asati atorwa akanga achipupurirwa somunhu aifadza Mwari" [Heb 11:5].

Hapana chinhu chinofadza Mwari kudai nomunhu anokutenda kwavari [faith]. *"Pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari nokuti ani naani anouya kwaari anofanira kutenda kuti ariko uye kuti anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo"* [Heberu 11:6]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, upenyu hwokutenda, Ivo vanokuchengetedza. Nemhaka yokuti unovafadza havazombokusiyi kana kukufuratira. *"Vanovimba naJehovha, vakafanana negomo reZioni, risingazungunutswi asi rinogara nokusingaperi. Sokupoteredzwa kwakaitwa Jerusarema namakomo, saizvozvowo Jehovha anopoteredza vanhu vake kubva zvino nokusingaperi"* [Ps 125:1]. Ruka 1:45 inoto iyo *"Akaropafadzwa iye anotenda kuti zvakataurwa naIshe kwaari zvichaitika, [nokuti zvichaitika]"*. Kutenda nokutendeka chiombo chikuru uye nokutenda unozviisa kudivi raMwari. Kana uri kudivi raMwari uye uchiita kuda kwavo,uye uchirarama upenyu hunovafadza Jehavah havambokurasi. Uri kudivi rokukunda! Hauzombotyi kana uchiziva kuti uri kudivi raMwari, divi rokukunda. Kuti urarame upenyu hwokukunda, saEnoki, raramira, kufadza Mwari. Nokutenda Enoki akararama upenyu hunofadza Mwari. Nokutenda akatorwa kubva paupenyu huno, zvokuti haana kuona rufu, akasaonekwa, nokuti akange achipupurirwa somunhu aifadza Mwari. Ko Enoki aigotyei, kana aiva naMwari kudivi rake!

3. Famba sokuraira kwavo.

"Nokutenda Noa, akati anyeverwa pamusoro pezvinhu

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)
zvakange zvichigere kuonekwa, akavaka areka nokutya Mwari kuti aponese mhuri yake. Nokutenda ...akava mugari wenhaka yokururama kunouya nokutenda" [VaHeb 11:7]. Usafambiswa nokutya wakaipa, kana kutyawo mumwewo munhu. Itya Mwari wako, anova ndiwo mavambo oruzivo. Kutya Mwari, kunoreva kuvimba muzvose zvinorehwa naMwari. Kutya Mwari kunobvisa kwose kutya uye kunounza kukunda kunopfuurisa. Ko ungagotyeiko nhai kana ruoko rwaWamasimba [Sabaoth] ose ruri pamusoro pako. Vachitaura naJoshua Jehovha vanoti ivo: *"Chenjerera kuti utevere mirairo yose yawakapiwa naMozisi muranda wangu, usatsaukira kuridyi kana kuruboshwe, kuti ubudirire kwose kwaunoenda. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa pamusoro paro siku nesikati... uye ipapo uchabudirira kwazvo"* [Joshua 1:7-8]. *"Akaropafadzwa asingafambi panorangana vakaipa, asingamiri panzira yavatadzi, asingagari pachigaro chavadadi. Asi anofarira murayiro waJehovah, uye anofungisisa murayiro wake masikati nousiku, anofanana nomuti wakasimwa pahova dzemvura....Chinhu chipi nechipi chaanobata chinoendeka"*. [Ps 1:1-3]

4. Ziva kuti Mwari vanopa mubairo kuvano-mutsvaga...

"Anopa vanomutsvaga nomwoyo wose mubayiro wavo" [Heb. 11:6]. Kubva pasichigare Mwari vagara vachipa mubairo kuavo vanomutsvaga nemwoyo yavo yose. Mudikani, Mwari havadyi chomunhu mahara! Kwete! Somuenzaniso, Jonah haana kuteerera Mwari, asi paakange ave mumatambudziko, akachema kuna Mwari wake nemwoyo wose, Mwari vakamunzwa. Hannah akachemera kuna Mwari, Mwari vakamupa mwanakomana Samueri. Petro akachemawo nezuva riya achiti "Ishe ndiponesei" Jesu vakamuponesa kuti asanyura mumvura. Mwari vamwe chete vakaponesa vose ivava vanogona kukuponesa newewo nhasi. Chinodiwa chete kutenda, *"Akaropafadzwa iye anotenda kuti zvakataurwa kwavaari naShe zvichaitika"*. [Ruka 1:45]. Ko unotyeiko nhai kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. Ndini Jehovha Mwari wako. Pakutambudzika kwako uchadana kwandiri ini ndichakununura, ndigokupindura. [Ps 81:7]. *"Ipapo uchadana, Jehovha achakupindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, uye iye achati 'Ndiri pano.'"* Murwiyo rwaparwendo munyori anoti iye *"Jehovha achakuchengeta pane zvose zvinokuvadza, iye acharinda upenyu hwako; Jehovha achakurinda pakubada kwako napakupinda kwako, kubva zvino uye nokusingaperi"*. [Ps 121:7].

5. Teerera Kukutaura kwaMwari.

"Nokutenda Abhurahama, akati adanwa [naMwari] kuti aende kunzvimbo iyo yaaizogamuchira kuti ive nhaka yake, akateerera uye akaenda, kunyange zvazvo akanga asingazivi kwaaienda". [VaHeb 11:9] Abhurahama anozivikanwa sa "Baba vokutenda" nemhaka yokuti akateerera kukutaura kwaMwari, uye akaita zvose zvaakaudziwa naMwari wake. Newewo unofanira, somwana waAbhurahama, kufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Uri wokufamba nokutenda kwete nezvaunoona. Mwari vari kutaura newe kubudikidza neshoko ravo vateerere. Unofanira kuteerera kukutaura kwaMwari, ipapo uchabudirira. Kana ukateerera Shoko raMwari, chokwadi hapana chokutya. Mwari vachamira newe. Ko unotyeiko nhai hama kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako. Chokwadika chokutya hapana! Iwe Chenjerera chete kuti utevere mirairo yose yawakapiwa mushoko ravo, usatsaukira kuridyi kana kuruboshwe, ndokuti ubudirire kwose kwaunoenda, uye muzvose zvaunoita. Bhuku iri romurayiro harifaniri kubva pamuromo wako, fungisisa [meditate] pamusoro paro siku nesikati... uye ipapo uchabudirira kwazvo [Joshua 1:7-8].

6. Tsvagisisa zvipikirwa zvaMwari kwauri.

"Nokuti akanga achitarisira guta rine nheyo, Mwari ari mhizha nomuvaki waro". [VaHeb 11:10]

Mwari vakavimbisa Abhurahama nyika iri nani. Nokutenda Abhurahama akatanga kuitsvaga. Rangarira kuti akasiya nyika yamadzibaba ake uye nehama dzake, akasiya zvose kumashure ndokutanga kufamba nokutenda. Abhurahama akawana guta iri nokutenda uye nokuda kwokuti akatanga kutsvangisisa zvivimbiso zvaMwari. Mwari havana kungovimbisa denga nenyika yakanaka chete, asiwo noruponeso, Mweya Mutsvene, kuporeswa uye kusakusiya kusvika nariini. Kana ukatsvaga zvivimbiso zvavo mushoko ravo hauzovi nokutya. Ko ungagotyeikozve nhai kana zvivimbiso zvavo zvakati chakata mushoko ravo. *"Nokuti Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi mweya wesimba, worudo nowokuzvidzora"*. [1 Timoti 1:7]. Chokutya hapana kana ruoko rwaMwari Wamasimba ose ruri pamusoro pako.

7. Iti akavimbika uyo anokuvimbisa.

"Nokutenda Abhurahama, kunyange zvake akange apfuura zera, uye Sara pachake akanga asingabereki, akapiwa simba rokuva baba, nokuti akati iye akapikira akatendeka." [VaHeb 11:11]. Sarah akange akwegura. Akange ave mbuya yaitonzi yapere basa. Zvakamufadza sei kunzwa Mwari vachimuvimbisa kuti achave nemwana. Asizve zvakamusetsa nokuti zvaive zvisisabvumiki. Zvisinei zvazvo akatenda kuna Mwari uye akati iye uyo akapikira akatendeka. Pasisina tariro Abhurahama naSara vakatenda uye vakava baba namai vendudzi zhinji sezvakange zvarehwa kwavari. Havana kukahadzika kana kushaiwa

simba mukutenda kwavo, asi vakasimbiswa mukutenda kwavo uye vakanyatso gutsikana kuti Mwari vane simba rokuita zvavakange vavimbisa. "Ndokusaka 'zvakanzi kwavari ndiko kururama." Mashoko okuti 'zvakanzi kwavari' haana kunyorerwa iye oga, asi kwatiriwo, kuna avo vachanzi naMwari vakarurama, kunesu vanotenda kwaari iye akamutsa Jesu Ishe wedu kubva kuvakafa." [VaRoma 4:23]. Kana ukararama upenyu hunofadza Mwari, uchitenda kushoko nezvivimbiso zvavo, Mwari vachakuchengetedza. Kana ukavimba navo ugovadana munguva dzako dzokutambudzika, vachakudavira. *"ipapo uchadana Jehovha achipindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, iye achati 'Ndiri pano"* [Isaya 58:9]. *"Usatya nekuti ini ndakakudzikinura, ndakakudana nezita rako, uye uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda munzizi hadzikukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi, murazvo wavo haungazokupisi. Nokuti ini ndini Jehovha, Mwari wako"* [43:1-3]. *"Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, mirai makasimba. Pashaiwe chinhu chinokuzungunusai ... nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu munaShe hakungavi pasina"* [1Korinde 15:58]. *"Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Uye ngaakukundisei zvakapfuurisa. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye akakudanai akatendeka uye achazviita."* [1Thes 5: 23]

O Maoko edu kwamuri imi Jehovah Mwari,
Zvokwadi maoko edu tinosimudza kwamuri.
Muri mutsvene, muri mutsvene nguva dzose,
Iyemi Jehovha Sabaoth Wamasimba ose.
Nerenyu rakakosha ropa makatidzikinura,
Kuumambo noupirista hwedenga . mukatitengera
Ndimi chete makafanira kukudzwa nokutendwa.

Makange muripo uye kusvikarini muchavapo,
Jehovah, nyika yose izere nokubwinya kwenyupo,
Zvokwadi Maoko edu tinosimudza kwamuri.
Imi Jehovah Ishe Wamasimb ose Mwari
Munotipa chokudya chedu ose mazuva ,
Uye izvo zvose zvakatifanira munoziva .
Ndimi chete makafanira kukudzwa nokutendwa.

Mazuva namazuva ose imi Ishe makatendeka,
Nedzedu ndimi mukuzvininipisa tinoteteka.
Maoko edu kwamuri imi Baba, mubiki wazvose,
Nemaoko enyu makasika nokuita zvose.
Makatendeka, uye makafanira kurumbidzwa,
Haiwa tinokutendai imi musina kutukudzwa.
Ndimi chete makafanira kukudzwa nokutendwa.

JEHOVAH NDIYE MUBATSIRI NOMUNUNURI WEDU

NaRich Carmicheal

"Jehovah ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika [kwedu].." [Ps 46:1]. *"Jehovah anogara nokusingaperi, ndiye utiziro hwako, uye pasi pako pane maoko anogara nokusingaperi..."* [Dheteronomi 33:27]. *"Naizvozvo ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira kuti tigamuchire ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe yokushaiwa kwedu..."* [vaHebheru 4:16].

Mumwaka uchangopfuura ndakava nomukana wakanaka zvikurusa, wokuparidza pano mumwe musangano wezvivimbiso-kukutenda paimwe Kereke yandakamboshumira samufundisi. Kereke iyi semhuri varikusvondera pane chimwe chikoro nemhaka yokuti chivakwa chavo chaive chadhirizwa nemoto. Pamudhuru weimba iyi pane muteza wakavezwa namufundisi wavo sechiyeuchidzo chikurudziro pachinguva chaivapfuura machiri ichi.Nokumativi maviri emuteza uyu paive nezvitombi zvakanakazvemafasitera echivakwachavo chakare chakatsva. Mumwe mufanakidzo unoratidza Jesu akapfugama mumunamato ari mungadhi yeGatsemani, kurimwewo divi pana Jesu somufudzi wakanaka, ane tsvimbo kuruoko rweruboswe, kurudyi akabumbatira hwayana uye nechepadivi rake pane hwai. Pakati-kati pemuteza uyu pane zita reKereke uye pakanamatidzirwa aya manzwi "Runako Kubva Mumadota" .

Zvinonyaradza nokukurudzira sei kurangarira, kana tiri munguva dzakaoma saidzodzi,dzokurasikirwa nechivakwa, kana angava api matambudziko atinosangana nawo, kuti Jehovah vanogona, *".. kunyaradza vose vanochema.. kuvapa korona yerunako pachinzvimbo chamadota.. mafuta omufaro pachinzvimbo chokuchema...nenguwo yekurumbidza pachinzvimbo chomweya wakarukutika..."* [Isaya 61:2-3]. Nokuda kwomuchinjikwa uye nokutimiririra kwaJesu, uye nokuda kwokuti ndiye mufudzi wedu

(Inoenderera Mberi Papeji 14)

(Kubva Papeji 13)
wakanaka, tinawo manyawi okuti tive netariro kana dai tiri munguva dzakaoma sei.

Pana Mapisarema, davidha anotirangaridza norubatsiro rwaJehovah kuavo vanotarira kwaari munguva dzokuidzwa. *"Ndichakukudzai imi Jehovah nokuti makandisimudza kubva kubva pakadzikauye hamuna kutendera vavengi vanguvafare pamusoro pangu. Haiwa Jehovah Mwari wangu, ndakachemera rubatsiro kwamuri uye mukandiponesa. Haiwa Jehovah, makandibudisa muguva, mukandirwira kuti ndirege kupinda mugomba... Imbirai Jehovah imi vatsvene vake; rumbidzai zita rake dzvene, Nokuti kutsamwa kwake ndokwenguva duku, asi nyasha dzake ndedzoupenyu hwose; kuchema kungavapo usiku asi mufaro unouya mangwanani.. Inzwai, imi Jehovah kuchema kwangu, mundinzwire ngoni, imi Jehovah muve mubatsiri wangu. Imi makashandura kuungudza kwangu kukava kutambamukubvisa nguwo dzangu dzamasaga mukundishongedza nomufaro., kuti mwoyo wangu ukuimbirei ugorega kunyarara. Haiwa Jehovha Mwari wangu ndichakuvongai nokusingaperi."* [Ps 30:1-5; 10-12] Mwari havasingori mubatsiri chete munguva dzokuidzwa, vanogonawo kuita kutendeudza miedzo yose ive kukunda uye *"kuti muzvinhu zvose zviitire zvakanaka kuna avo vanomuda, vaya vakadanwa sezvaakafunga."* [VaRoma 8:28]. Munyasha dzavo hurusa nesimba vanogonesa kupa runako kubva mumadota.

Vimba naMwari Munguva Yokutambudzika.....

Tinoziva kubva muzvatinoona kuti upenyu hune zvikamu zvekutambura kubva kuzvakasiyana-siyana. Nedzimwe nguva matambudzika aya anouya kubva kunze asi nedzimwe nguvawo anobva mukutadza kwedu nokusaziva. Nemhaka youkdhirika kwezvinhu munyika, vanhu vari kutarirana nematambudziko akawanda akaita, kutya, kusaziva ramangwana, kushaiwa mari, miedzo yakasimba, kusukirwa, ushaya dziviriro, uye nekurambana kwevakaroorana. Zvichida newewo uri mukati mematambudziko mamwe chetewo.

Zvisinei nekuti matambudziko ako akita sei, nhau inofadza ndeyokuti *"Jehovah ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika [kwedu] Naizvozvo hatizotyi kunyange nyika ikashanduka, uye makomo akawira mukati-kati megungwa, kunyange mvura yaro ikatinhira uye ikapupma furo, uye makomo akadengenyeswa, namafungu aro" ..* [Ps 46:1]. Zvino kurudzira sei kuziva kuti Mwari vanogona uye vakavimbika kubatsira vose vanotarira kwavari, zvisinei nematambudziko avari. *Ivo "vanesimba rokubatsira"* [2 Koronike 25:8] *uye vanotasva denga kuti vakubatsire uye namakore muumambo hwake. Jehovah anogara nokusingaperi, ndiye utiziro hwako , uye pasi pako pane maoko anogara nokusingaperi..."* [Dheteronomi 33:26-27]. Magwaro anonongedzera zvakapindwa kui Mwari vakakodzera kuvimbwa navo nguva dzose.Kana tikavimba mavari kutibatsira hatizombonyadziswa [Ps 22:4-5]. Tora mavhesi aya uanamatidzire pahwendefa yemoyo wako: *"Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovah, muiti wedenga nepasiZvirokwazo haangatenderi rutsoka rwako kuti rutedzemuke, muchengeti wako haanga kotsiri ; zvirikwazo muchengeti waIsiraeri haanga kotsiri kana kuvata. Jehovah anokurinda, Jehovah ndiye mumvuri wako paruoko rwerudyi, zuva haring kubayi masikati, kana mwedzi usiku. Jehovah achakuchengeta pane zvose zvonokuvadza,iye acharinda upenyu hwako, Jehovah achakurinda pakubuda napakupinda kwako, kubva zvino uye nokusingaperi"* [Ps 121:2-8].

....Nokuti Mwari akati 'Handingatongokusiyei; handingatongo kurasei.'Ska tinotsunga mwoyo tichiti 'Ishe ndiye mubatsiri wangu, handingatyi. Munhu angandiiteiko." [Hebheru 12:5-6]. *"Naizvozvo usatye, nokuti ndinewe , usavhunduke, nokuti ndini Mwari wako. Ndichakusimbisa uye ndichakubatsira; ndichakutsigira noruoko rwangu rworudyi rwokururuma. Vose vanokutsamwira zvirokwazvo vachanyadziswa uye vachanyarara; vose vanokakavadzana newe vachava sechinhu chisipo uye vachaparara."* [Isaya 41:10-11]. *"Mabote orufu akandipinganidza; mvura zhinji inoparadza yakandifukidza. Mabote eguva akandimonera; misungo yorufu yakanangana neni. Pakutambudzika kwangu ndakadana kuna Jehovah; ndakadana kuna Mwari wangu kuti ndibatsirwe. Akanzwa inzwi rangu ari mutemberi yake ; kuchema kwangu kwakasvika pamberi pake, munzeve dzake. Akadzika pasi achibva kumusoro akanditora; akandibudisa. Akandibudisa pamvura zhinji yakadzika. Akandinunura kubva kuvavengi vangu vane samba, kubva kuvadzivisi vangu, vakanga vakasimba zvikuru kwandiri. Vakandinanga nezuva renjodzi yangu, asi Jehovah akanga ari mutsigiri wangu" "Akaropafadzwa munhu uyo ano mubatsiri wake Mwari waJakobho, tariro yake iri muna Jehovah Mwari wake, muiti wedenga nenyika, gungwa uye nezvose zviri mariri, iye Jehovah, anogara akatendeka nokusingaperi. Anotsigira mhaka yavakadzvinyirirwa, uye anopa zvokudya vane nzara. Jehovah anosunungura vakasungwa".* [Ps 18:4-6; 16-18]. *"Ruponiso rwavkarurama runobva kuna Jehovah ndiyo nhare yavo panguva yamatambudziko. Jehovah anovabatsira uye anivanunura; anovanunura kubva kuna vakaipa uye anovaporesa, nokuti vanovanda maari."* [Ps 37:39-40].

Mwari Vane Nyasha Uye Vanogona Kubatsira....

Ishe wedu sezvavari, ndiMwari vanobatsira zvikuru. Vanobatsira avo vari pasi pokurwiswa nemweya yakaipa.

[Matt 15:25, Mk 9:22; 2 Tim 4:17-18]. *"Vanobatsira avo vose varipasi pokuremerwa nezvivi zvavo."* (Ps 51:1-17). Vanobatsira avo vose vari mukuidzwa nemiedzo mikuru. [Ishe Jesu] *"... mupirista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kuna Mwari. .. nokuti iye akatambudzika paakaedzwa, anokwanisa kubatsira vose vanoedzwa"* [Heb 2:14-18; 1 Korinde 19:13]. Vanobatsira avo vakatsimbirirwa nokufunganya kukuru *"...Musafunganya pamusoro pechimwe chinhu asi muzvinhu zvose nomunyengetero uye nemukumbiro, nokuvonga isai zvikumbiro zvenyu kuna Mwari"* [Ps 94:17-19; Firipi 4:6-7]. Vanobatsira vakwegura vave nesimba shoma [Ps 71:9,12]. Vanobatsira vose vakarasikirwa nokubwinya nomufaro wavo muna Mwari *"...Misodzi yangu yanga iri zvokudya kwangu masikati nousiku..."* [Ps 42:3-5]. Vanobatsira vose varombo nevanoshaya [Ps 40:17]. Vanobatsira vose vari pasi-pasi pegomba rokutambudzika [Kuungudza 3:55-58]. Mweya wavo unobatsira vose avo vakaneta vasingazivi kuti vonyengetera sei [VaRoma 8:26-27].

Zvichida matambudziko ako ari kukuzvuzvurudza uye uri kukahadzika kuti Mwari vane hany'a newe here napauri. Kana zvakadaro, Isaya ane kurudziro iyi kwauri: *"Hauzivi here? Hauna kunzwa here? Jehovah ndiye Mwari nokusingaperi, Musiki wamagumo enyika. Haaneti kana kuziya, uye hakuna angayera kunzwisisa kwake. Anopa simba kuna vasina simba, kunyange majaya anoneta uye anorukukutika , uye majaya anogumburwa agowa; asi avo vane tariro muna Jehovha vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka namapapiro samakondo; Vachamhanya vasinganeti; vachafamba vasingaziyi."* [40:28-31]. Jehovha vanokuzivisisa uye vane hany'a newe zvakanyanya uye vane simba rokukusimudzira muna zvose.

Tsvaga Jehovah Nerubatsiro Rwavo....

Naizvozvo kana wakasungika pamweya, dana kwaari [2 Sam 22:7; 2 Koronoke 14:11] ucheme kwavari [2 Koronoke 20:9; Ps 18:6]. Tsvaga Jehovha nerubatsiro rwavo [2 Koronike 20:4; Ps 27:7-9]. Paunoita izvo, rangarira kuti Jehovha mutsvene uye vakarurama, naizvozvowo unofanira kuuya kwavari nenzira yavo. Reurura chose chitadzo chaunacho muupenyu hwako pamberi pavo uye wotsvaga ruregerero nenyasha dzavo [Ps 79:8-9; 109:26]. Muteerere uye uteerere Shoko ravo [Ps 119:147, 173, 175]. Durura hana yako kwavari mumunamato [Ps 62:8; 5:1-3; Firmoni 4:6]. Swedera kwavari navowo vachaswedera kwauri sokutaura kwa Jakobho 4:8. Swedera pedyo nechigaro chavo chenyash usina kutya uye uchagamuchira nyasha munguva dzako dzokutambura, [Heb 4:15-16]. Pira mupiro werumbidzo dzako kwavari saIshe nomubatsiri wako [Ps 124:8; Heb 13:5-6]. Vimba mavari sesimba rako nenhowo yako, uye mwoyo wako ngauvimbe navo nguva dzose, ivo vachakubatsira [Ps 28:7]. Vanda mavari uye isa tariro yako mavari, nokuti ruponiso rwavakarurama runobva kuna Jehovha Mwari wavo [Ps 37:39-40; 43:5]. Mirira Jehovha wako uye regedza hana yako iwane kurudziro maari [Ps 27:14; 33:20]. Nyarara uye uzive kuti Jehovha ndivo Mwari uye vachakukudza pakati pendudzi dzose, uye vachakusimudzira [Ps 46:10]. Zvininipise pasi peruoko rwavo runisimba ivo vachakusimudzira munguva yakafanira, turira zvose kwavari nokuti vane hany'a newe [1 Pet 5:6-7].

"Jehovha ngaarumbidzwe, nokuti akanzwa kuchemera kwangu ngoni, Jehovha ndiye simba rangu nenhowo yangu. Mwoyo wangu unovimba naye uye ndinobatsirwa. Mwoyo wangu unokwakuka nomufaro uye ndichamuvonga nenziyo. Jehovha ndiye samba ravanhu vake, nhare yoruponiso yomuzodziwa wake. Ponesai vanhu uye muropafadze nhaka yenyu; ivai mufudziwavo uye muvatakure nokusingaperi" [Ps 28: 6-9].

Tsamba Yokutenda Rubatsiro Rwenyu...

Tinoramba tichipa kutenda kukurusa kuna Mwari vedu, uye kwamuri imi mose vabatsiri veHerald Of His Coming kusvika nhasi! Tinovimba mucharamba makabatana nesu gore rino apo tinoramba tichienderera mberi tichitumira Shoko raShe wedu tichisimbisa Kereke yaKristu uye tichiparidzira Ivhangeri takatarisira kudzoka kwaKristu wedu. Minamato yenyu nekurudziro dzenyu zvakakosha zvikuru kwatiri. Tumirai rubatsiro rwenyu kukero iri pedyo nemi kana ku Herald Of His Coming, P. O Box 279, Seelyville 47878, U.S.A.

UPENYU HWANGU MUMAOKO AKE...

NaCorrie Ten Boom

Hwangu upenyu hwakaita sechirukwa,
Pakati paMwari wangu neni.
Ruvara ini handisarudzi rwechirukwa,
Ndivo Ishe vanoshanda zvavo maneni.
Dzimwe nguva vanorukira marwadzo nokusuwa,
Muhwangu upenzi ini hwokuzvida, ndoshaiwa.
Kuti vanoona nedivi rapamusoro ndokoshiwa.
Ini ndichiona nerimwewo divi repasi,
Kusvikira wokusona muchina wanyarara,
Muzovovo simbi kutemana dzazorora,
Ndipo Mwari vachiwaridza che-e chirukwa,
Muunyanzvi chavanoruka ivo chirukwa.
Votsanangura kwandiri chikonzero nei,
Shinda nhema dzichidikanisika zvikuru sei,
Mumaoko ounyanzvi hwomuriki,
Semitsetse yemosvo nesirivheri,
Muunyanzvi chavakaruka ivo chirukwa.

Humbira Minamato ...Ushumiri hwose hwe ***Herald Of His Coming*** hwakabatana pamwe chete ne***Mharidzo Yokuuya Kwake*** hunoda kukutendai zvikuru nerutsigiro uye neminamato yenyu imi mose vaverengi. Tinotenda Mwari zvikuru nokusvitsisa bepa re***Herald of His Coming*** makore 71 kubva zvarakavambwa. Pamunenge monyengetera nokurumbidza Mwari ndapota murangarire vanotevera ava muminamato yenyu. **Christine Ludlow** uyo arikubatikana zvikuru nechirwere che***cancer***. Mazuva ano ave kunzwa zviri nani. Rumbidzai mwari nesu kuti Ludlow ave nani. Asika ramabi muchikumbira Mwari kuti vamurape kuti akwanise kushanda basa rake zvakanaka. ***Rich Carmicheal***, mupepeti mukuru weHerald of His Coming anokumbirawo minamato yenyu mukutungamira kwaanoita ushumiri hweHewrald of His Coming. [Murume uyu zvinyorwa zvake zvinondibata zvikuru. Chimwe chezvinyorwa chake chiri mune rino bepa.] Vose vari pamwe chete ***naGayla Royer, Lois Stucky*** na***Gail Carmicheal*** vanokumbira njere mukusarudza kwavanoita zvinyorwa zvokubika mumapepanhau ose eHerald of His Coming. *"Pakupedzisira, ivai nesimba muna She nomusimba rake guru. Uye munyengetere muMweya nguva dzose nemhando dzose dzeminyengetero nemikumbiro. Muine izvi mupfungwa dzenyu murinde uye murambve muchinyengeterera vatsvene... Munyengeterere neniwo kuti pose [pandinonyora nokupindurira zvinyorwa zvose] ndipiwe mashoko kuti ndigozivisa chakavanzika chevhangeri...iro randiri nhume. Nyengeterai kuti ndiritaure ndisingatyi, sezvandinofanira"*[Efesu 6:10, 18-20].

Ps 122.. Rwiyo rworwendo rwaDhavhidha...
Ndakafara zvikuru pavakati kwandiri, "handei kuimba yaJehovha. Tsoka dzedu dzimire mukati mamasuo ako, iwe Jerusarema. Jerusarema rakavakwa seguta, rakapakata kwazvo. Ndiko kunokwira marudzi, iyo marudzi aJehovha, kundorumbidza zita raJehovha, maererrano nezvakatemerwa Israeri. Zvigaro zvokutonga zvimire ikoko, zvigaro zvoushe zevimba yaDhavhidhi. Nyengetererai rugare rweJerusarem: Vanakuda dai vagara zvakanaka." Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokucgetedzeka mukati menhare dzako." Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, "Rugare mukati mako." Nokda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako.

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].